

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar ngeunaan métodologi panalungtikan nu ngawengku: (1) desain panalungtikan, (2) prosédur panalungtikan, (3) sumber data panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, jeung (6) téhnik analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun wanda panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif ngagunakeun desain panalungtikan studi kasus, dina harti panalungtikan museur kana hiji runtuyan kajadian nu dipilih jeung dicangkem sacara leuwih teleb (Sukmadinata, 2012, kc. 99). Panalungtikan kualitatif nataharkeun jeung ngararancang sacara leuwih asak pikeun nangtukeun tempat, *partisipan*, jeung ngamimitian ngumpulkeun data.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif digunakeun lantaran data anu dikumpulkeun mangrupa kecap lain angka kalayan pedaran anu murni kalayan henteu ayana perlakuan kana objék anu ditalungtik.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan intertékstual jeung étnopédagogi. Pamarekan intertékstual nya éta ngabandingkeun dua téks anu raket patali margana. Sedengkeun étnopédagogi nya éta maluruh ajén-ajén atikan anu nyangkaruk dina “Sajarah Cikundul” pikeun jadi dadasar pendidikan karakter. Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina bagan ieu di handap



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber data

Nurutkeun Arikunto (2010:129), sumber data nya éta subjék anu ngahasilkeun data. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta: 1) Wawacan “Sajarah Cikundul” anu teu kapaluruh saha anu nyalinna. 2). Kumpulan Carpon *Jajatén Ninggang Papastén* anggitan Yus Rusyana.

Data dina ieu panalungtikan mangrupa kecap-kecap atawa kalimat anu ngadéskripsikeun ngeunaan palaku, galur, latar, pikeun mikanyaho sasaruuan jeung bédana éta buku sajarah. Salian ti data anu mangrupa unsur intrinsik, aya data séjén anu mangrupa ma’na anu dijerona nyangkaruk ajén-inajén luhung keraifan budaya lokal anu engkéna pikeun dijadikeun dadasar pendidikan karakter.

Tina sabelas judul carpon anu aya dina buku kumpulan carpon *Jajatén Ninggang Papastén*, dicokot dua carpon anu raket patalina jeung “Sajarah Cikundul”. Éta dua judul carpon téh nya éta “Putri Jin” jeung “Apun Gencay”.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta manusa. Dina ieu hal, panalungtik minangka instrumén utama. Kalungguhan panalungtik salaku instrumén utama dina ieu panalungtikan nya éta salaku anu nataharkeun, anu ngalaksanakeun, anu ngumpulkeun, anu nganalisis, anu nafsirkeun, sarta pamungkas anu ngalaporkeun hasil panalungtikan. Salian ti instrumén utama, digunakeun ogé alat ngumpulkeun data séjénna anu mangrupa kartu data. Éta kartu data téh digunakeun pikeun nyatet data-data anu saluyu jeung pasualan anu keur ditalungtik.

Ieu di handap baris diébréhkeun instrumén anu baris digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Saméméh diébréhkeun rupaning instrumén, baris dipedar heula sawatara cara pikeun ngalakukeun komparasi téks.

- i. Ngabandingkeun kecap demi kecap pikeun menerkeun kekecapan anu salah.
- ii. Ngabandingkeun runtuyan kalimah atawa gaya basa pikeun ngelompokeun carita atawa téks anu basana lancar jeung jelas.

- iii. Ngabandingkeun eusi carita, nya éta pedaran téks pikeun meunangkeun naskah anu eusina lengkep sarta henteu méngkol, salian ti éta pikeun nangtukeun hubungan antara naskah anu disebut silsilah *kekerabatanna*, sahenteuna panalungtik kudu mikanyaho mana téks anu asli jeung mana téks anu aya unsur tambahan ti nu nyalinna. (Lubis, 2001, kc.78)

Tabél 3.1
Komparasi Téks

Téks kahiji	Téks kadua	Téks katilu
(1)	(2)	(3)

Tabél 3.2
Analisis Struktur Babad

Struktur	Wawacan (Hipogram)
(1)	(2)
Téma	
Sarana	
Judul	
Gaya Basa & Suasana	
Simbol-simbol	
Imaji	
Puseur Sawangan	
Fakta	
Karakter	
Alur	
Latar	


Tabél 3.3
Struktur Carita Pondok

Struktur	Carpon
(1)	(2)
Téma	
Sarana	
Judul	
Gaya Basa & Suasana	
Simbol-simbol	
Imaji	
Puseur Sawangan	
Fakta	
Karakter	
Alur	
Latar	

Tabél 3.4
Transformasi Wawacan kana Carita Pondok

No.	Unsur	Prosés Transformasi		Keterangan
		Wawacan	Carita Pondok	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Tema			Ekspansi Konversi Modifikasi Ekserp
2	Sarana			
3	Fakta			

☞ **Prosés Transformasi Wawacan kana Carita Pondok**



Gambar 3.1
Prosés transformasi tina hipogram

Katerangan:

- ✓ Ekspansi nya éta ngarobah unsur-unsur utama kalimah jadi wangun anu leuwih *kompléks*, *perluasan* atawa kamekaran tina hipogram. Nambahkeun unsur-unsur anu asalna henteu aya.
- ✓ Konversi nya éta ngarobah unsur-unsur kalimah matrik kalayan ngamodifikasikeunna ngagunakeun sawatara faktor anu sarua.
- ✓ Modifikasi nya éta manipulasi tataran kecap atawa runtuyan kecap dina kalimah dina tataran kasastraan.
- ✓ Ekserp nya éta intisari tina unsur-unsur atawa episode tina hipogram

Tabél 3.5
Analisis Étnopédagogi

Pasualan dasar hirup manusa	Oriéntasi ajén budaya		
	Hadé	Goréng	Kuduna
(1)	(2)	(3)	(4)
Pengkuh Agamana; SQ (<i>Spiritual Quotient</i>)			
Moral Manusa ka Pangéran			

(1)	(2)	(3)	(4)
Luhung Élmuna; IQ (<i>Intelektual Quotient</i>)			
Moral Manusa ka Waktu			
Moral Manusa ka Alam			
Jembar Budayana; EQ (<i>Emosional Quotient</i>)			
Moral Manusa ka Manusa			
Moral Manusa ka Dirina			
Rancagé Gawéna AQ (<i>Actional Quotient</i>)			
Moral Manusa dina ngahontal kasugemaan Lahir Batin			

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntér. Ieu téhnik téh digunakeun lantaran objék anu ditalungtikna mangrupa dokumén. Anapon cara ngumpulkeun datana nya éta: 1) Ulikan pustaka, pikeun pemahaman awal kana pasualan anu keur ditalungtik. 2) Maca wawacan “Sajarah Cikundul”, carpon “Putri Jin”, jeung carpon “Apun Gencay”, 3) Ngaidéntifikasi data numutkeun rumusan panalungtikan, 4) Nyieun papasingan atawa data anu geus kakumpul dijieun klasifikasina dumasar kana pasualan anu geus dirumuskeun dina ieu panalungtikan.

3.5 Téhnik Analisis Data

Dumasar métode jeung téknik nu geus disebutkeun di luhur, téknik nganalisis data baris diébréhkeun saperti ieu di handap.

- 1) Ngabandingkeun tilu wawacan “Sajarah Cikundul”, pikeun maluruh sasaruuan jeung bédana diantara éta téks;
- 2) Maluruh unsur-unsur intrinsik wawacan “Sajarah Cikundul”, ngagunakeun pamarekan Robért Stanton anu ngawengku téma, sarana, jeung fakta carita;

- 3) Maluruh unsur-unsur intrinsik carita pondok “Jajatén Ninggang Papastén” ngagunakeun pamarekan Robért Stanton anu ngawengku téma, sarana, jeung fakta carita;
- 4) Analisis intertékstual dilakukeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:
 - 1) Wawacan dibagi kana lima épisode;
 - 2) Épisode-épisode éta ditandaan ku angka Romawi (I-V);
 - 3) Épisode-épisode anu raket patalina jeung carita pondok dicokot sarta ditandaan ku angka romawi;
 - 4) Carita pondok dibagi kana dua épisode;
 - 5) Épisode-épisode éta ditandaan ku angka Romawi (I-II);
 - 6) Babak-babak tina kadua téks ditandaan ku angka Romawi. Contona, A babak nalika Radén Jayasasana tapa sarta kawin jeung jin.
- 5) Nerapkeun prosés hiporam pikeun maluruh prosés transformasi wawacan kana carpon;
- 6) Ngainterprétasi data-data anu kapanggih dina prosés tranformasi pikeun maluruh hubungan intertékstual wawacan jeung carpon;
- 7) Maluruh ajén-ajén etnopedagogi nu aya dina wawacan “Sajarah Cikundul” jeung kumpulan carpon *Jajatén Ninggang Papastén*;
- 8) Ngarékapitulasi data etnopédagogi anu kapanggih; jeung
- 9) Ngadéskripsikeun hasil panalungtikan.